



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU BIDJÈ FEDERAL KI PWOPOZE A

“Bidjè ke Administrasyon an pwopoze a li danjere, ensousyan, epi kontansye pou valè Amerikèn yo. Kongrè a ta dwe rejte li yon revè de men. Pwopozisyon an amwendri politik ak pozisyon yo ke fanm ak gason yo te rancheri epi defann nan toulède pati yo, kèk pandan plis pase yon syèk. Li kite dèyè sila ki pi vilnerab pami nou yo, epi li mete anviwònman nou, enfrastrikti nou, ak avni nou an danje.

Pwopozisyon an voye yon boulèt demolisyon sou ajans federal yo ki ap bay sipò krisyal ak soulajman pou Nouyòkè yo. Pami lòt rediksyon san sans yo, rediksyon majè yo nan Depatman Transpò (Department of Transportation) pral retire finansman enpòtan pou pwojè Tinèl Pòt Prensipal la (Gateway Tunnel) ant New York ak New Jersey, ak lòt modènizasyon transpò atravè New York. Bidjè sa redwi finansman Enstiti Sante Nasyonal la (National Institute of Health) pou rechèch ki ap sove lavi yo ki ap reyalize nan New York ak atravè peyi a. Epi lè yo mande disolisyon Andosman Nasyonal Èv Atistik yo (National Endowment for the Arts), li vize yonn nan motè eritaj kiltirèl Amerik lan.

Li tou konplètman entèwonp finansman Plan Kouran Pwòp la (Clean Power Plan), epi li redwi finansman pou EPA a (Environmental Protection Agency), sa ki retire sipò ki esansyèl pou kapab pwoteje resous dlo pwòp ak anviwònmantal New York yo. En menm tan, pwopozisyon an te redwi finansman vital yo pou kominote riral ak fèmnye nou yo, epi li antrave abilite nou pou reponn a aktivite metewo ekstrèm yo ki te koze destwiksyon atravè New York.

Finalman, bidjè Administrasyon an koupe \$6 milya ki soti nan Depatman Devlopman Iben ak Lojman (Department of Housing and Urban Development, HUD), ki ap elimine Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè yo ki te transfòme lojman ki a pri abòdab yo pou Nouyòkè yo ki an nesosite. Antan ke yon ansyen Sekretè nan HUD, mwen gen konesans dirèk sou sèvis krisyal yo ke Depatman an bay, ak lapèn tanjib, reyèl ke rediksyon sa yo pral enpoze sou Ameriken vilnerab ki ap travay di yo nan New York ak atravè nasyon an.

Malgre rediksyon ensousyan yo nan pwogram enpòtan yo, Administrasyon an ap kontanple tou nan bay plis rediksyon enpo pou Ameriken ki pi rich yo. Pou pi kout,

mesaj Washington a sila yo ki pa ka peye pou chalè pou evite lanmò an ivè, sila yo ki ap lite pou bay pitit yo yon edikasyon; epi a vwayajè yo ki fòse chita pandan orè sikilasyon yo nan yon vwayaj jounalye pou ale travay, se ke yo pa konte. Esansyèlman, pwopozisyon sa manke valè konpasyon ak swen Amerikèn ki pi bazik yo.

Si yo adopte dokiman lwa sa li pral make yon transfòmasyon fondamantal nan sa ke Amerik vle di, ak ki wòl peyi nou an jwe nan mond lan. Nou te toujou mentni yon kò militè ki djanm, men nou te toujou ofri mond lan plis ke bra yo. Demwazèl ki nan Pò nou an pa brandi pwen li bay mond lan; li leve yon limyè.

New York pral toujou leve kanpe pou prensip yo ki te fè Amerik se yon basen nan mond lan pandan plizyè syèk. Mwen pral kontinye travay ansanm ak delegasyon kongresyonèl New York lan pou batay pou asire ke chak Nouyòkè gen opòtinite pou reyisi, epi ke nou ap envesti nan pwogram yo ki pral asire yon avni briyan pou jenerasyon ki ap vini yo. Nou toujou kwè nan e pluribus unum.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418